# Kutsvaga Vekushanda Navo Pakutsutsumwa

Vachadzidza nezvekushandisa indaneti pakuzivisa zvavanotsutsumwa. Vachadzidzawo kugadzira zvekuisa paindaneti kuti vazivise ruzhinji rimwe dambudziko.

# Kushandisa Nzvimbo Dzekukurukura Pakushambadza

## Chikamu Chekutanga

**Udza Vadzidzi Vako**

Pane mashoko akakurumbira anoti, “Hazvinei nezvaunoziva. Nyaya iri pakuti unoziva ani.” Kunyange hazvo mashoko aya asina kururama 100%, (zvaunoziva zvakakoshawo chaizvo!) mashoko aya anoratidza kuti zvakakosha kuva nevaunoziva.

Ungave uri kutsvaga basa kana kuedza kutamba mumwe mutambo zvedanho repamusoro, kuva nevamwe vaunoziva kunoita kuti uzivane nevamwe vanogona kukubatsira pachinangwa chako. Izvi ndizvo zvinoitikawo panyaya yekushambadza. Kana vanhu vatinoziva vakawanda uye vaine zvavanokwanisa kuita, zvichava nyore kugadzirisa zvinhu munharaunda dzedu.

Nhengo dzemhuri yedu, shamwari, vadzidzisi nevatungamiri vemunharaunda, tine vanhu vakawanda vatingasafunga nezvavo, kuzoti tikawedzera shamwari dzeshamwari dzedu, torega kungosimba nevari pedyo nesu chete. Vanhu ava vanokwanisa kutibatsira zvakanyanya pakuzadzisa zvinangwa zvedu.

Kune vamwe vanhu vakawanda vatisati tava kuziva vanogona kutibatsira pakuzadzisa zvinangwa zvedu. Nzvimbo dzekukurukura nadzo uye Indaneti dzinotipa mikana yekusangana nevanhu vanokwanisa kutipa ruzivo kana zvinhu zvatinoda pakuratidza kutsutsumwa kwedu.

## Chikamu Chechipiri

Pasikirini iri kumberi kwekamuri, ratidza vhidhiyo yakanangana newe / vadzidzi kana vemunharaunda kuti uratidze kuti vanhu vakabatanidzwa sei paindaneti uye kuti tingabatsirika sei nekubatana uku.

**Bvunza Vadzidzi Vako**

Mashoko angapararira sei zvinobudirira uchishandisa indaneti pakukurukura nevamwe?

Tingashandisa sei vanhu ava pakuzivisa ruzhinji zvinhu zvatinotsutsumwa nezvazvo?

**Udza Vadzidzi Vako**

Pachikamu chinotevera, uchagadzira mashoko anogona kupiwa vamwe paindaneti

anotsanangura nezvedambudziko rinokunetsa. Kana ukaudza vamwe zvauri kutsutsumwa nazvo paindaneti, unogona kuudza vamwe zvinokunetsa uye pane mukana wekuonana nevamwe vanhu vanokwanisa kukubatsira panyaya yako!

# Basa Rekuita

## Chikamu Chekutanga

### Udza Vadzidzi Vako

Gadzira mashoko aunogona kupa vamwe paindaneti (semuenzaniso, uchishandisa Google Docs, inoshandiswa pakukurukurirana paindaneti, bhurogu reWordpress, webhusayiti yeNeocities, masiraidhi uchishandisa Scratch, nezvimwewo) nezvedambudziko rinokunetsa, uchiita izvi:

1. Nyora nhanganyaya uchitsanangura dambudziko racho uye kuti sei uchifunga kuti inyaya yakakosha.

2. Isa ma link ekumawebhusayiti akasiyana-siyana (akadai senyaya inowanika paindaneti) inotaura nezvedambudziko iroro.

3. Nyora vanhu vatatu vanotaura nezvenyaya iyi, vane mabhurogu, vanoisa paTwitter kana kushandisa mavhidhiyo. (Kana uchida hako: Kana uchikwanisa, tumira vanhu ava mashoko paTwitter wovaudza nyaya yako uye kuti uri kuda kuti zviitwe sei.)

### Mutambo Wekirasi

Ipa vadzidzi maminiti 30 ekuita basa iri. Zvichienderana nenguva inenge yapiwa, pakuungana uku kana kuti kunotevera, ita kuti vadzidzi vaudze vamwe zvavanyora mokurukura kwemaminiti 15, muchiona zvinonyanya kushanda.

Zvidzidzo izvi muri kuzvipiwa neYouth and Media paBerkman Klein Center for Internet & Society at Harvard University pasi perezenisi reCreative Commons Attribution-ShareAlike 4.0 International. Unogona kuzvishandisa, kusanganisira kukopa,zvingava zvekuti uwane mari kana kuti kwete, chero bedzi uchitaura kuti mashoko acho ari kubva kuYouth and Media woashandisa maererano nemitamo yacho. Zvidzidzo izvi zviripowo paindaneti paPeji yeBerkman Klein's Digital Literacy Resource.